

Septanm 2020

Bilten 13 | NIMEWO 66 |

M-DCPS AP FÈ TRANZISYON NAN ETAP II PLAN REOUVÈTI LEKÒL - RETOU ESPASE POU ELÈV NOU CHWAZI YO AP KÒMANSE 5 OKTÒB

“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) pral fè tranzisyon pou Etap II nan Plan Reouvèti “Reopen Smart, Return Safe” (Reouvè avèk Entelijans, Retounen avèk Sekirite) li a. Madi, Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade vote alinanimite pou otorize Sipèntandan an pou reouvè lekòl pou elèv lendi 5 oktòb. Elèv paran yo te chwazi modèl Bilding Lekòl nan mwa jiyè a pral kòmanse retounen andwa lekòl yo 5 oktòb avèk yon apwòch ki ap fèt an plizyè faz, dapre ane eskolè, ki ap fin konplè vandredi 9 oktòb. Elèv paran yo te chwazi pou “My School Online (MSO)” (Lekòl Mwen sou Entènèt), lè nou te fè sondaj nan mwa jiyè a, ap rete angaje nan aprantisaj a distans.

Sekirite elèv, anplwaye ak fanmi yo te prensip prensipal ki gide tout efò reouvèti a atravè Distri a. Daprè angajman sa a e nan aliyman ak rekòmandasyon ekspè sante piblik yo bay, nou pral espase repati retou fizik la apati de nivo ane eskolè, pou redui kapasite lekòl la e pou pèmèt pwotokòl tès la ak lòt ajisteman potansyèl, anvan lekòl la kòmanse fonksyone konplètman nan Etap II.

Orè reouvèti an plizyè faz la ap fèt pami gwoup elèv ki anba a (elèv paran yo te chwazi modèl Bilding Lekòl la), jan li ye sou lis anba a:

Elèv pral retounen lekòl senk jou pa semèn atravè yon pwosis ki fèt an diferan etap avèk elèv klas Matènèl, Jadandanfan ak 1ye ane eskolè, ak elèv Edikasyon espesyal ki gen yon kourikoulòm modifye, ki ap retounen lendi 5 oktòb. Elèv 2-6èm ak 9-10èm ane eskolè yo ap retounen mèkredi 7 oktòb pandan elèv 7-8èm ak 11-12èm ane eskolè yo ap retounen vandredi 9 oktòb.

Vandredi 2 oktòb ap yon jounen planifikasyon pwofesè pou ofri plis tan pou pwofesè prepare salklas, angaje nan plan leson adisyonèl ak lòt aktivite pou asiste nan preparasyon yo pou akeyi elèv nan retou lekòl la. Sa yo pa fè okenn efè sou tan enstriksyonèl ki te deja asiyen pou ane lekòl sa a.

Li enpòtan tou pou nou note TOUT orè lekòl segondè yo pral retounen a 7:20 dimaten kòmanse 7 oktòb, nan modèl Bilding lekòl la ansanm ak Lekòl Mwen Sou Entènèt.

Paran yo ap resevwa yon kat notifikasyon yo pa lapòs, ki ap ba yo

yon rapèl sou ki modèl aprantisaj yo te chwazi pandan peryòd opsyon chwa nan mwa jiyè a. Elèv yo dwe pare yo prezante kat notifikasyon sa yo pou yo fizikman antre nan lekòl yo nan dat retou yo asiyen yo. Paran yo ka revize seleksyon yo tou atravè Pòtal Elèv pitit yo oubyen nan aplikasyon mobil Dadeschools la. Elèv sa yo paran yo te chwazi pou Modèl Bilding Lekòl la E ki elijib pou transpò nan Distri a ap resevwa enfòmasyon sou transpò tou.

Administratè lekòl yo ap gen diskresyon pou fè eksepsyon limite pou paran ki vle chanje seleksyon inisyal yo. Pou mande yon chanjman, paran yo dwe kontakte lekòl pitit yo pou ranpli yon fòm deklarasyon chanjman. Nenpòt eksepsyon ki pral fèt ap baze sou kondisyon espesifik enskripsyon an pèsòn chak lekòl pou asire mezi distans sosyal yo pa konpwomèt.

Nou ankouraje paran yo pale ak pitit yo e eksplike enpòtans responsablite pèsònèl yo ak itilizasyon kòrèk pou yo figi yo toutan, pandan yo sou kanpous yo ak otobis lekòl yo. Nou mande paran yo tou pou yo fè yon tès depistaj sante pou pitit yo chak jou, jan nou endike sa nan gid reouvèti Distri a, anvan yo voye yo lekòl.



REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

21 oktòb

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

17 novanm

10:00 dimaten
Reyinyon Òganizasyonèl

18 novanm

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

2 Oktòb

Jou pou pwofesè
Fè Planifikasyon

23 Oktòb

Jou pou pwofesè
Fè Planifikasyon

Komisyon Kolèj la pibliye rezilta final egzamen me 2020 “Advanced Placement (AP)” (Plasman Avanse) pou “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County). Rezilta sa yo rezime pèfòmans elèv ki te patisipe nan kou AP pandan ane lekòl 2019-2020 an e ki te pran egzamen AP ki koresponn ak nivo yo. Elèv M-DCPS yo demontre yon to pasaj mwayen 65 pousan, yon ogmantasyon 8 pousan pa rapò ak 2019.

Distri te travay an patenarya avèk Komisyon Kolèj la pou asire enfrastruktir ak sipò yo te an plas pou fè egzamen 2020 yo vin yon siksè. Pwogram AP a ofri elèv lekòl segondè yo opòtinite pou enskri nan klas etid avanse e pou yo resevwa kredi kolèj

ak/oubyen kredi plasman avanse, pandan yo toujou enskri nan lekòl segondè. Kou AP yo genyen 38 klas nan divès sijè etid, tankou ar, syans sosyal, lang, syans, literati, matematik ak syans enfòmatis. Nou rekòmande elèv pou kredi kolèj si yo resevwa yon nòt 3 oubyen plis sou yon echèl 5 pwen nan egzamen AP ki koresponn ak nivo yo.

Depi ane lekòl 2010-2011, gen yon ogmantasyon ki kontinye fèt nan enskrripsyon ansanm ak pousantaj elèv ki fè nòt 3 oubyen plis nan egzamen yo. M-DCPS reyalize yon ogmantasyon enpresyonan nan patisipasyon ak pèfòmans elèv nan kou AP yo.

ENPÒTANS VAKSEN KONT GRIP



Pandan n apwoche sezon grip la nan mitan pandemi COVID-19 la, li pi enpòtan pase toutan pou nou pran vaksen kont grip la pou redui enpak maladi respiratwa.

- Jan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi rekòmanse sa, MEYÈ fason pou fè prevansyon kont grip sezònye a se pran yon vaksen anyèl kont grip.
- Tout moun ki gen laj sis mwa oubyen plis ka resevwa vaksen kont grip la.

- Fè plan pou w pran vaksen kont grip la nan otòn sa a.
- Sezon grip la rive nan pi wo nivo li an desanm rive nan kòmansman mas.
- Pran vaksen kont grip la pa anpeche moun pran COVID-19 la.

Kontakte doktè ou pou pwograme yon randevou oubyen Depatman Sante Florid nan (786) 845-0550, ki ap ofri vaksen GRATIS kont grip pou tout timoun ki pako gen 18 ane.

M-DCPS AP KONTINYE SÈVI MANJE GRATIS POU TIMOUN JISKA 31 DESANM



“U.S. Department of Agriculture (USDA)” (Depatman Agrikilti Etazini) anonse resamman li ap pwolonje dispans pou fleksibilite repa ete yo, ki ap pèmèt “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) kontinye sèvi manje gratis pou tout timoun jiska 31 desanm 2020.

Règleman Elijibilite dispans pou timoun ki anba 18 ane yo enpòtan

sitou pou kominote ki gen anpil bezwen yo tankou Miami-Dade County. M-DCPS deja ofri dejene gratis pou tout elèv, men dispans federal sa a pral pèmèt lekòl yo sèvi dejene ak repa midi bay tout timoun nan mwa otòn yo, kèlkeswa kondisyon sosyo-ekonomik fanmi yo. Sa ap ede nou asire timoun yo jwenn aksè a manje nourisan pandan moman difisil sa a nan kominote a.

M-DCPS ap kontinye distribiye manje bay elèv nan tout andwa lekòl yo. Distribisyon manje maten ak manje midi tou pake pou ale lakay ap fèt madi ak jedi, soti 4:00 nan aprèmidi rive 5:30 nan aprèmidi. USDA mande pou paran/adilt yo bay prèv idantifikasyon valab pou fè konnen manje yo se pou timoun 18 ane oubyen pi jèn si timoun nan pa ansanm avèk yo. Idantifikasyon

yo ka sou fòm yon kat ID, kanè, oubyen rapò pwogrè elèv la. Sa yo se menm machasuiv ou te suiv pandan distribisyon manje M-DCPS te fè nan ete a.

Ensekirite alimentè se yon reyalite nan kominote nou an. Anpil fanmi depann de manje lekòl yo bay kòm youn nan sèl sous konsistan pou manje nourisan pou pitit yo. M-DCPS pa janm abandone angajman li pou sipòte elèv ak fanmi yo, nan bay prèske sèt milyon repa gratis depi fèmte lekòl yo nan mwa mas la.

**TI KONSÈY
SOU ENTÈNÈT
POU FANMI**

Etabli yon Woutin

<https://bit.ly/3hPMXwV>

U.S. NEWS & WORLD REPORT KLASE 12 LEKÒL MAGNET M-DCPS PAMI 100 MEYÈ LEKÒL MAGNET NAN AMERICA



U.S. News & World Report klase douz lekòl Magnet “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) pami 100 meyè Lekòl Magnet nan peyi a, avèk uit lekòl ki nan Tòp 20 lekòl Florid yo.

Pwogram Magnet ofri tèm inik nan etid ki konsantre sou enterè espesyal, talan ak abilite elèv yo pou tout nivo ane eskolè yo. Pwogram yo gen ladan Desine Jwèt ak Animasyon, Inovasyon

Lekòl	U.S.	FL	Miami Metro
Young Women’s Preparatory Academy (6-12)	#21	#3	#2
Design and Architecture Senior High	#25	#6	#3
José Martí MAST 6-12 Academy	#32	#9	#6
iPrep Academy (PK-12)	#34	#11	#7
MAST@FIU	#43	#15	#11
International Studies Preparatory Academy	#44	#16	#12
TERRA Environmental Research Institute	#45	#17	#13
MAST Academy	#50	#19	#15
New World School of the Arts	#63	#22	#17
Coral Reef Senior High School	#70	#26	#19
MAST Academy @ Homestead	#74	#28	#20
Miami Arts Studio (6-12) @ Zelda Glazer	#98	#34	#24

Biznis, Botanik, Teknoloji finansye, Medsin, Enfimyè e menm Entèlijans Atifisyèl atravè Wobotik.

Sa ki ap suiv se meyè lekòl magnet M-DCPS nan fason yo klase Ozetazini, nan Florid ak nan zòn Metro Miami an.

Kòmanse 1ye oktòb, M-DCPS pral kòmanse aksepte aplikasyon pou pwogram Magnet pou ane lekòl 2021-2022 an. Aplikasyon pwogram Magnet la ap disponib nan plizyè lang nan <http://miamimagnets.org>.




Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade la te adopte prelevman final pousantaj taks sou pwopriyete 2020-2021 an ak bidjè anyèl la pandan dènye odyans piblik sou bidjè a. Bidjè a vote pou \$5.6 milya e takspeye yo pral wè yon diminisyon nan pousantaj taks sou pwopriyete yo, soti nan 7.148 rive 7.129, yon diminisyon total 0.019.

Akòz epidemi global COVID-19 la, ane lekòl la 2019-20 an te pote avèk li fèmte san parèy lekòl yo alontèm ki te mennen nan tranzisyon rapid nan aprantisaj a distans nan prentan 2020 an. Pou "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County), ansanm ak kominote a ak peyi a, 2020 te yon ane difisil, men li te tou yon

moman pou nou montre tout sa nou ka akonpli lè yon sistèm lekòl ak edikatè li yo, elèv, paran ak kominote a travay ansanm pou benefis elèv nou yo.

Bidjè ane fiskal 2020-21 an refleto yon kominote ki valorize ar, sante fizik ak mantal elèv, aprantisaj lang doub, ak edike elèv ki gen bezwen espesyal nou yo. Li refleto yon angajman san parèy nan Chwa ak yon deplwaman enklizif e rapid nan Bon Obligasyon Jeneral la ki se evidans solid ki montre nan M-DCPS, lè nou fè yon pwomès nou kenbe li. Bidjè a kontinye finanse angajman kle pou pèsònèl enstriksyonèl, sipò nan salklas, sante ak sekirite nan lekòl ansanm ak inovasyon.

RETE ENFÒME! RETE KONEKTE!



Lekòl Leta Miami-Dade County vle asire l ou kontinye resevwa mesaj ijan ki soti nan lekòl pitit ou a ak Distri a atrave mesaj teks. Pou resevwa mesaj tèks, ou dwe voye tèks "Y" nan 67587. Si ou pa reponn, nou pap konsidere ou enskri e wap rate mesaj yo nan moman nou voye yo.

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@EscuelasMDCPS
@MiamiSup




@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools



www.dadeschools.net

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann
Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Doktè Lawrence S. Feldman
Doktè Martin Karp
Doktè Lubby Navarro

Doktè Marta Pérez
Mari Tere Rojas
Alberto M. Carvalho
Sipèntandan Lekòl yo
Maria Martínez
Konsèye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se yon Pwodiksyon
Biwo Kominikasyon an

Daisy González-Diego
Ofisyè Anchèf Kominikasyon